



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 7 Mathematics, Book 2**  
**Sample Test 2005**

**Matematik**  
**Liv 2**

Ane

**7**

**Egzanp Egzamen 2005**

Non \_\_\_\_\_



## KONSÈY POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede ou rezoud pwoblèm ki pati sa a nan egzamen an.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.




Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou yo.




# Fich Revizyon Matematik

## FÒMIL




Sèk

$$\begin{aligned} \text{Sipèfisi} &= \pi r^2 \\ \text{Sikonferans} &= 2\pi r \end{aligned}$$




Kib

$$\begin{aligned} \text{Sipèfisi Total} &= 6s^2 \\ \text{Volim} &= s^3 \end{aligned}$$




Silend Sikilè Dwa

$$\begin{aligned} \text{Sipèfisi Total} &= 2\pi rh + 2\pi r^2 \\ \text{Volim} &= \pi r^2 h \end{aligned}$$



Prism Rektangilè Dwa

$$\begin{aligned} \text{Sipèfisi Total} &= 2wl + 2lh + 2wh \\ \text{Volim} &= lwh \end{aligned}$$



Prism Triyangilè Dwa

$$\begin{aligned} \text{Sipèfisi Total} &= wh + lw + lh + ls \\ \text{Volim} &= \frac{1}{2}wh \times l \end{aligned}$$

## KONVÈSYON

1 santimèt = 10 milimèt

1 mè = 100 santimèt = 1.000 milimèt

1 kilomèt = 1.000 mè

1 gram = 1.000 miligram

1 kilogram = 1.000 gram

1 liv = 16 ons

1 tòn = 2.000 liv

1 tas = 8 ons likid

1 pent = 2 tas

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 lit = 1.000 mililit

1 kilolit = 1.000 lit

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk



**31**

Erin achte nan de magazen pou yon nouvo swetè. Swetè nan premye magazen an koute \$15 mwens twa fwa pri,  $c$ , swetè ki nan dezyèm magazen an. Swetè ki nan premye magazen an koute \$90. Ekwasyon ki anba a ka sèvi pou detèmine pri swetè ki nan dezyèm magazen an.

$$3c - 15 = 90$$

Rezoud ekwasyon an pou jwenn pri swetè ki nan dezyèm magazen an.

***Montre travay ou.***

***Repons*** \$ \_\_\_\_\_

***Kontinye***

**32**

Msye Hardy asiyen devwa mezon pou klas matematik li. Asiyasyon an egzije elèv yo pou jwenn faktorisasyon primè pou 648.

***Pati A***

Ki faktorisasyon primè 648?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_

***Pati B***


Ekri rezilta faktorisasyon primè 648 sou fòm eksponansyèl.

***Repons*** \_\_\_\_\_



**33**

Keisha vle pentire tout pati deyò bwat depo rektangilè li yo montre nan dyagram ki anba a.



[pa trase selon echèl la]

Sèvi ak **estimasyon** pou kalkile sipèfisi total bwat depo a an pous kare.

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ pous kare

***Kontinye***

Gwoup mizik Roosevelt Middle School genyen moun pou ranmase lajan chak mwa. Tablo ki anba a prezante kantite lajan gwoup la ranmase ak depans pou ranmasaj lajan ki fèt chak mwa pandan kat mwa.


### MOUN KI RANMASE LAJAN POU GWROUP LA

Mwa	Kantite Lajan ki Ranmase	Depans
Sektanm	\$125	\$50
Oktòb	\$275	\$75
Novanm	\$450	\$125
Desanm	\$100	\$25

Selon done ki nan tablo a, trase yon graf ba doub sou kadriyaj anba a pou montre kantite lajan gwoup la ranmase ak depans pou ranmasaj lajan ki fèt pu chak mwa.

Asire ou

- mete tit nan graf la
- mete lejann sou aks yo
- trase graf la avèk tout done yo
- bay yon lejann apwopriye pou graf la



<b>LEJANN</b>

**35**

Fanmi Gilda ale an vakans. Yo fè 125 mil an vwayaj nan premye 2,5 èdtan yo. Si fanmi Gilda kontinye vwayaje nan ritm sa a, konbyen mil y ap fè an vwayaj nan 6 èdtan?

$$\text{Distans} = \text{vitès} \times \text{èdtan}$$


**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ mil

***Kontinye***

36

Mary vle kouvri anba ak deyò yon bwat avèk materyèl pou fè yon sipò pou kreyon. Li bezwen konnen sipèfisi deyò bwat yo montre anba a.



[pa trase selon echèl la]

**Pati A**

Kalkile sipèfisi deyò sipò pou kreyon Mary a an santimèt kare. Pou fè sa, sèvi ak fòmil  $\pi r^2 + 2\pi rh$ . Awondi repons ou pou rive nan dizyèm ki pi pre a.

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ santimèt kare

**Pati B**

Sou liy ki anba yo, eksplike pou kisa fòmil  $\pi r^2 + 2\pi rh$  itilize pou jwenn sipèfisi sipò pou kreyon Mary a alapas fòmil  $2\pi r^2 + 2\pi rh$ .

---

---

---

---

---

---

**37**

Dylan genyen yon sachè ki genyen 15 mab. Tablo ki anba a prezante kantite mab chak koulè ki nan sachè a. Pou fè yon eksperyans pwobabilite klas syans li, Dylan chwazi yon mab owaza nan sachè a epi li ranplase li. Li repete sa 300 fwa.

### SACHÈ MAB DYLAN

Koulè Mab	Kantite Mab
Blan	3
Wouj	8
Ble	3
Nwa	1

#### ***Pati A***

Dylan chwazi yon mab owaza nan sachè a. Ki pwobabilite pou mab la wouj?

***Montre travay ou.***

***Repons*** \_\_\_\_\_

#### ***Pati B***

Fè prediksyon kantite fwa sou 300 pou Dylan chwazi yon mab wouj.

***Montre travay ou.***

***Prediksyon*** \_\_\_\_\_ fwa

***Kontinye***

**38**

Fanmi Gatlin ap achte nouvo mokèt (carpet) pou kay yo. Yo bezwen apeprè 1.175 pye kare mokèt. Mokèt y ap achte a vann an yad kare.

**Pati A**

Estime kantite yad kare mokèt fanmi Gatlin bezwen pou kay yo.

**Montre travay ou.**

**Repons** \_\_\_\_\_ yad kare

**Pati B**

Sou liy ki anba yo, dekri yon estrateji fanmi Gatlin ta dwe itilize pou estime kòrèkteman kantite yad kare mokèt yo bezwen pou kay yo.

---

---

---

---

---

---

**RETE LA**





**Ane 7**  
**Matematik**  
Liv 2  
Egzanp Egzamen 2005

---

*The McGraw-Hill Companies*